



Pou Piblikasyon Imedya: 20/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

SUIT AK OGMANTASYON VYOLANS DOMESTIK PANDAN PANDEMI COVID-19 LA, SEKRETÈ GOUVÈNÈ A MELISSA DEROSA AK KONSÈY ETA NEW YORK, SOU FANM AK TIFI LANSE GWROUP TRAVAY POU JWENN SOLISYON INOVATÈ FAS AK KRIZ LA

An rekonesans a dimansyon ak menas pwoblèm nan, gwoup travay la pral idantifye solisyon inovatè ki santre sou sivivan yo epi ale odela nan fason yo te konn founi sèvis yo nan tan pase

Rekòmandasyon yo pral pare pou Gouvènè Cuomo disi jedi 28 me

Rapò sou vyolans domestik yo reprezante globalman jiska 30 pousan an avril konpare ak ane pase a epi apèl pou denonse ensidan yo bay Eta a te ogmante nan 15 pousan an mas konpare ak ane pase a

Gran Depatman Lapolis andeyò New York yo te rapòte yon ogmantasyon 12 pousan nan viktimi patnè entim yo pou premye trimès 2020 an konpare ak menm peryòd la an 2019

Suit apre yon ogmantasyon nan vyolans domestik pandan pandemi COVID-19 la, jodi a Sekretè Gouvènè a Melissa DeRosa ak Konsèy Eta New York la sou Fanm ak Ti Fi (New York State Council on Women and Girls), te anonse kreyasyon yon nouvo gwoup travay pou jwenn solisyon inovatè fas ak kriz sa a. Gwoup travay la pral idantifye solisyon pou ede moun ki viktim vyolans domestik yo, avèk objektif espesifik pou ale odela pase fason tradisyonèl yo te founi sèvis yo nan tan pase. Gwoup travay la pral fè Gouvènè Andrew M. Cuomo rekòmandasyon jou jedi 28 me a, epi Gouvènè a pral pran yon desizyon politik final.

"Depi nan kòmansman pandemi sa a New York deja konstate yon ogmantasyon dramatik nan kantite ka vyolans domestik toupatou nan eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan ke nou deja pran mezi agresif pou ede kèk nan Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo jwenn èd yo bezwen epi pou yo debarase yo de abizè yo, gen plis bagay ke nou ka fè pou modènize sèvis nou bay yo lè nou kòmanse antre nan yon nouvo nòm. Mwen pa ka tann pou mwen revize solisyon inovatè Melissa DeRosa ak tout gwoup travay la ap vini ak li a epi mete ansanm yon nouvo plan aksyon pou ede sispann ogmantasyon danjere sa a nan vyolans domestik la."

"Pandan moman san parèy sa yo, New York ouvri wout lè li founi sivivan vyolans domestik yo aksè a sèvis enpòtan yo bezwen pou jwenn èd", **Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an e Prezidan Konsèy Eta New York la sou Fanm ak Ti Fi, te di**

konsa. "Malerezman, reyalite a se ke nou toujou wè yon ogmantasyon nan kantite ka vyolans domestik yo rapòte atravè NY pandan pandemi sa a ap kontinye - nou bezwen fè plis pou ede fanm ki kole nan sityasyon danjere yo. Mwen fyè pou mwen travay ak gwoup travay divès sa a pou devlope rekòmandasyon pou Gouvènè a pou nou ka adrese yon fason kreyatif vyolans domestik (Domestic Violence, DV) la."

Gwoup travay la pral dirije pa Melissa DeRosa. Lis manm yo disponib pi ba a:

- Scott Berkowitz - Fondatè ak Prezidan, Rezo Nasyonal kont Vyòl, Abi ak Ensèst (Rape, Abuse and Incest National Network, RAINN)
- Alejandra Y. Castillo, Esq. - Direktris Egzekitif Jeneral, YWCA USA
- Karma Cottman - Direktris Egzekitif, Ujima, Inc: Sant Nasyonal sou Vyolans Kont Fanm nan Kominote Nwa a (National Center on Violence Against Women in the Black Community)
- Nathaniel M. Fields - Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Enstiti Resous Iben (Urban Resource Institute, URI)
- Ruth M. Glenn - Prezidan ak Direktris Jeneral, Kowalisyon Nasyonal Kont Vyolans Domestik (National Coalition Against Domestic Violence, NCADV)
- Peg HacsKaylo - Fondatè ak Direktè Egzekitif Jeneral, Alyans Nasyonal pou Sekirite Lojman (National Alliance for Safe Housing, NASH)
- Jim Henderson - Ekspè an Pwobasyon ak Vyolans Domestik, nan Pwojè Jistis pou Fanm yo Bat (Battered Women's Justice Project)
- Grace Huang, JD - Direktè Politik, nan Enstiti Azi Pasifik kont Vyolans ki Baze sou Sèks (Asian Pacific Institute on Gender-Based Violence)
- Tandra R. LaGrone - Direktris Egzekitif, nan Ak Pwòp Vwa Pa Nou (In Our Own Voices)
- Cindi Leive - Atache Siperyè, Lekòl Jounalis ak Kominikasyon USC-Annenberg (USC-Annenberg School of Journalism and Communications)
- Tonya Lovelace, MA - Direktris Egzekitif Jeneral, Rezo Fanm an Koulè Inc (Women of Color Network Inc, WOCN)
- David Mandel - Direktè Egzekitif, Safe & Together Institute
- Karol V. Mason - Prezidan, Inivèsite Jistis Kriminèl John Jay (John Jay College of Criminal Justice)
- Joan S. Meier - Pwofesè Dwa, nan Lekòl Dwa Inivèsite George Washington (George Washington University Law School) ak Direktè, nan Sant Dwa kont Vyolans Familyal Nasyonal (National Family Violence Law Center) nan GW
- Connie Neal - Direktris Egzekitif, Kowalisyon Kont Vyolans Domestik nan Eta New York (New York State Coalition Against Domestic Violence, NYSCADV)
- Ana L. Oliveira - Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral, The New York Women's Foundation
- Leslye Orloff - Direktris, Pwojè Defans Fanm Imigran Nasyonal nan Inivèsite Ameriken Kolèj Dwa Washington (American University Washington College of Law)
- Farzana Safiullah - Direktris Egzekitif, Sant Resous Nasyonal sou Vyolans Domestik (National Resource Center on Domestic Violence, NRCDV)

- Lynn Hecht Schafran, JD - Direktè Legal ak Direktè, Pwogram Edikasyon Jidisyè Nasyonal nan Legal Momentum, Defans Legal ak Fon Edikasyon Fanm yo (Women's Legal Defense and Education Fund)
- Lucy Rain Simpson - Direktris Egzekitif, Rezo Resous Fanm Endijèn Nasyonal (National Indigenous Women's Resource Network, NIWRN)
- Joe Torre - Ko-Fondatè ak Prezidan, Fondasyon Sekirite Lakay (Safe at Home Foundation) ak Konseye Espesyal pou Major League Baseball (MLB)
- Patricia Tototzintle - Direktris Egzekitif Jeneral, nan Rezo Latin@ Nasyonal pou Sante Familyal ak Kominotè (National Latin@ Network for Healthy Families and Communities)
- Deborah D. Tucker, MPA - Prezidan, Sant Nasyonal sou Vyolans Domestik & Seksyèl (National Center on Domestic & Sexual Violence, NCDSV)
- Deborah J. Vagins - Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral, nan Rezo Nasyonal pou Mete Fen nan Vyolans Domestik (National Network to End Domestic Violence, NNEDV)
- Troy Vincent - Vis Prezidan Egzekitif nan Operasyon foutbòl, Defansè NFL ak Nasyonal pou Mete Fen nan Vyolans Domestik
- Carole Warshaw, M.D. - Direktris, Sant Nasyonal sou Vyolans Domestik, Twomatiz & Sante Mantal (National Center on Domestic Violence, Trauma & Mental Health)
- Joanne Zannoni - Direktris Egzekitif Kowalisyon Kont Agresyon Seksyèl Eta New York (New York State Coalition Against Sexual Assault, NYSCASA)

Akòz pandemi COVID-19 aktyèl la ak direktiv sou distans sosyal ki nesèsè a, viktim vyolans domestik yo plis frajil ak an danje ankò pandan yo izole lakay san yo pa kapab ale lwen agresè yo a epi genyen yon ogmantasyon ke yo rapòte nan kantite ka vyolans domestik yo nan Eta a. Apèl pou liy èd kont vyolans domestik Eta a reprezante jiska 30 pousan an avril konpare ak ane pase a epi apèl yo te ogmante nan 18 pousan soti fevriye pou rive mas 2020. Lapolis Eta a rapòte tou apèl ensidan vyolans domestik yo te reprezante jiska 15 pousan an mas konpare ak ane pase a. Anplis de sa, gran depatman lapolis andeyò Vil New York te rapòte yon ogmantasyon 12 pousan nan viktim patnè entim yo pou premye trimès 2020 an konpare ak menm peryòd la an 2019, dapre Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services) NYS la.

Depi NYS an POZ (NYS on PAUSE) antre an vigè, OPDV ak anpil patnè ajans eta yo te travay ak dilijans poub yo pouswiv estrateji pou mete enfòmasyon sekirite nan dispozisyon viktim yo nan kote ke enfòmasyon sa yo pa ta nòmalman disponib, tankou sou kont medya sosyal yo nan sèvis piblik oswa taks/finans. Anplis de sa, yo mete sou pye gwo efò pou yo ka fè flayèz ki gen nimewo Liy Dirèk pou kole kote detayan esansyèl yo, tankou boutik manje, famasi ak magazen reparasyon kay, pou site sa yo sèlman.

An avril, eta a te lanse yon liy èd kont vyolans domestik ak yon nouvo pwogram ak sèvis anliy konfidansyèl pou ede viktim abi yo ak bay mwayen posib ki ka sove lavi pou jwenn èd. Nouyòkè ki ap chèche èd yo kapab rele nan 1-800-942-6906, voye tèks

mesaj bay 844-997-2121 oswa diskite ak yon pwofesyonèl sou nouvo sitwèb konfidansyèl la nan www.opdv.ny.gov. Sèvis ak tèks anliy yo pral gen 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn avèk anplwaye nan pèsònèl Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) la ki se ekspè nan domèn vyolans domestik.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)